

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1. Kasangtukang Panalungtikan

Karya sastra téh mangrupa salahsahiji hasil cipta manusa tina cabang seni. Minangka bagian tina seni, sastra miboga sipat éndah sarta miboga ajén-ajén jeung amanat anu rék ditepikeun ka nu maca. Kecap sastra asalna tina basa Sansekerta, tina akar kecap *sas*, hartina méré pituduh, ngajar atawa instruksi. Ahiran *-tra* ilaharna nuduhkeun alat, sarana (Koswara, 2013, kc. 3). Dina harti sanajan karya sastra téh ilaharna mangrupa tulisan anu sipatna imajinatif, tapi karya sastra miboga ajén-ajén jeung amanat anu rék ditepikeun ka nu maca. Ku sabab kitu, karya sastra téh hakékatna mangrupa gambaran tina hasil nyawang kahirupan anu diréfléksikeun ku pangarang ngaliwatan karangan anu sipatna imajinatif. Jadi bisa dicindekkeun antara karya sastra, kanyataan, jeung pangarangna aya dina proses anu silih pangaruhan.

Salah sahiji wangun karya sastra dina wangun prosa nya éta novél. Novel téh prosa rékaan nu ngawujud lalakon (naratif), wujudna panjang, sarta galur caritana ngarancabang (kompleks). Ku kituna, novél bisa midangkeun rupa-rupa palaku, ngagambarkeun latar, jeung teleb ngahirupkeun karakteristik tokoh. Novél aya nu sifatna serius jeung ngahibur. Novél serius mibanda fungsi sosial lantaran méré ajén ka nu macana, sedengkeun novél hiburan mibanda fungsi personal lantaran nganawarkeun hiburan ka nu macana (Isnendes 2010, kc. 39).

Salahsahiji novél anu medal di tatar Sunda nya éta novél *Carita Budak Yatim* karya R. Hanapiah anu medal taun 1924. Ieu novél ngagambarkeun tékad jeung perjuangan hiji budak nu hayang kaluar tina hal-hal nu matak ngarugikeun dirina, sarta tarékah keur kamajuan hirupna, ieu carita ogé ngadokuméntasikeun kahirupan budak, rumaja, kuli kontrak, pasantrén, jeung réa-réa deui. Latar tempat ieu novél di pilemburan Tanah Priangan, hususna Sukabumi, dina mangsa penjajahan Walanda ahir abad ka-19 jeung awal abad ka-20. Ieu novél dirasa miboga ajén-ajén jeung

amanat anu aya mangpaatna upama dijadikeun objek panalungtikan anu hasilna bisa keur bahan pangajaran aprésiasi sastra di SMA.

Pikeun nyangkem ma'na jeung amanat anu ditepikeun ku pangarang dina karyana, pamaca saacanna kudu ngaliwatan heula prosés pamahaman kana éta karya. Abrams (Sardjono 1992, kc. 54), nyebutkeun yén pamahaman kana karya téh bisa ngaliwatan opat pamarekan, nya éta:

- 1) Pamarekan mimétik, nya éta pamarekan anu medarkeun hubungan antara karya jeung alam kanyataan (*universe*)
- 2) Pamarekan pragmatik, nya éta pamarekan anu medarkeun hubungan antara karya jeung aprésiatorna (*audience*)
- 3) Pamarekan ékspésif, nya éta pamarekan anu medarkeun hubungan antara karya jeung pangarangna (*artist*)
- 4) Pamarekan objéktif, nya éta pamarekan anu medarkeun karya (*work*) sacara otonom.

Salah sahiji pamarekan anu medar karya sacara objéktif téh nya éta strukturalisme. Konsep dasar nu jadi ciri has téori struktural nya éta anggapan yén karya sastra mangrupa struktur nu otonom nu ngan bisa dicangkem maksudna tina hiji gembengan nu diwangun ku unsur-unsur nu ngarojongna (Isnendes 2010: 91). Analisis struktural anu umumna dipaké pikeun nalungtik hiji karya sastra nya éta analisis struktural ti Robert Stanton. Ieu analisis bakal di larapkeun dina novél *Carita Budak Yatim*, teori analisis struktural ti Stanton ngawengku tilu komponén badag, nya éta (1) tema carita, (2) fakta carita (alur, *penokohan*, latar), jeung (3) sarana carita (judul, puseur implengan jeung suasana).

Strukturalisme téh hiji tiori anu raket patalina jeung semiotik. Semiotik miboga anggapan yén pikeun nyangkem karya sastra anu mangrupa struktur téa, kudu apal kana ciri kamandirianana salaku tanda. Ceuk Jakobson, éta tanda téh kakara miboga harti sangges aya persepsi ti nu maca téa, Teeuw (1983: 62) nyebutkeun yén persepsi pembaca téh ditangtukeun ku dua fungsi karya sastra, nya éta fungsi otonom puitik jeung komunikasi (Koswara 2007, kc. 16).

**Didit Maulana, 2018**

**NOVÉL CARITA BUDAK YATIM KARYA R. HANAPIAH PIKEUN BAHAN PANGAJARAN APRÉSIASI SASTRA DI SMA KELAS XII: Ulikan Struktural jeung Sémiotik**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Panalungtikan saméméhna anu nalungtik hiji objék ngagunakeun ulikan struktural jeung semiotik sarta hasilna dilarapkeun kana bahan pangajaran aprésiasi sastra di SMA nya éta skripsi Elsy Priandini anu judulna *Analisis Struktural jeung Semiotik dina Novél Sudagar Batik Karang* Ahmad Bakri pikeun Bahan Pangajaran Aprésiasi Sastra di SMA, skripsi Alan Sunda Laksana anu judulna *Analisis Struktural jeung Semiotik dina Novél Saéni Karang* Hadi AKS Pikeun Bahan Pangajaran Maca Novél di SMA, skripsi Debbi Puspita Sari anu judulna *Ulikan Sémiotik dina Novél Déng Karang* Godi Suwarna Pikeun Bahan Pangajaran Maca Novél di Kelas XI SMA.

Nu ngabédakeun ieu panalungtikan jeung panalungtikan saméméhna nya éta dina objék panalungtikanana. Ieu panalungtikan dijudulan *Novél Carita Budak Yatim Karya R. Hanapiah pikeun Bahan Pangajaran Aprésiasi Sastra di SMA Kelas XII (Ulikan Struktural jeung Sémiotik)*.

Aya opat mangpaat anu bisa dicokot tina diajar sastra, nya éta ngaronjatkeun kaparigelan basa, ngaronjatkeun pangaweruh budaya, mekarkeun rasa karsa, jeung ngabentuk watak. Pangajaran sastra miboga pangaruh anu gedé dina ngahontal rupa-rupa aspék tujuan pendidikan jeung pangajaran, saperti aspék pendidikan susila, sosial, parasaan, sikep panilaian, jeung kaagamaan. Kanyataan éta nyarankeun yén proses pangajaran sastra di sakola alusna mah dipidangkeun dina wangun aprésiasi, hartina lewih ngutamakeun atawa ngaheulakeun kagiatan aprésiasi batan pangaweruh sastrana (Rohinah 2011, kc. 111).

## 1.2 Rumusan Masalah

Rumusan masalah ieu panalungtikan nyaéta:

- 1) Kumaha struktur (téma carita, fakta carita jeung sarana carita) dina novél *Carita Budak Yatim* karya R. Hanapiah?
- 2) Kumaha unsur semiotik (ikon, indeks jeung simbol) anu aya dina novél *Carita Budak Yatim* karya R. Hanapiah?

Didit Maulana, 2018

NOVÉL CARITA BUDAK YATIM KARYA R. HANAPIAH PIKEUN BAHAN PANGAJARAN APRÉSIASI SASTRA DI SMA KELAS XII: Ulikan Struktural jeung Sémiotik

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- 3) Kumaha larapna hasil panalungtikan pikeun alternatif pangajaran aprésiasi sastra di SMA kelas XII?

### **1.3 Tujuan Panalungtikan**

#### **1.3.1. Tujuan Umum**

Tujuan umum dilaksanakeunana ieu panalungtikan téh nya éta pikeun maluruh novél *Carita Budak Yatim* anu hasilna dipatalikeun jeung alternatif pangajaran aprésiasi sastra di SMA kelas XII.

#### **1.3.2. Tujuan Husus**

Tujuan husus ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) Unsur struktur dina novél *Carita Budak Yatim* karya R. Hanapiah.
- 2) Unsur semiotik dina novél *Carita Budak Yatim* karya R. Hanapiah.
- 3) Larapna hasil panalungtikan ngeunaan novél *Carita Budak Yatim* karya R. Hanapiah pikeun dijadikeun alternatif bahan pangajaran aprésiasi sastra di SMA kelas XII.

### **1.4 Mangpaat Panalungtikan**

#### **1.4.1. Mangpaat Teoritis**

Sacara téoritis, ieu panalungtikan dipiharep bisa méré pangaweruh ngeunaan kajian analisis strukturalisme jeung semiotik dina novél.

#### **1.4.2. Mangpaat Praktis**

Aya sababaraha mangpaat praktis nu dipiharep dina ieu panalungtikan téh, nyaéta:

- 1) Pikeun alternatif pangajaran di sakola, hususna keur tingkat SMA/SMK/MA
- 2) Pikeun anu nalungtik, bisa nambahan pangaweruh ngeunaan analisis struktural
- 3) Pikeun ngarojong tarékah ngaaprésiasi novél *Carita Budak Yatim*.
- 4) Pikeun masarakat bisa ngaronjatkeun pangaresep kana karya sastra hususna novél ngaliwatan analisis struktural jeung sémiotik.

### 1.5. Raraga Tulisan

BAB I Bubuka, eusina medar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan.

BAB II Ulikan Tiori, eusina medar ngeunaan tiori nu aya dina panalungtikan. Dina ieu bab bakal dipedar leuwih jero ngeunaan novél, unsur struktural novél (téma carita, sarana carita jeung fakta carita), semiotik (ikon, indéks, jeung simbol), sarta bakal dipedar ogé ngeunaan bahan pangajaran utamana bahan pangajaran aprésiasi sastra di SMA.

BAB III Metode Panalungtikan, eusina medar ngeunaan métode anu dipaké dina ieu panalungtikan. Dipedar ogé ngeunaan desain panalungtikan, téknik panalungtikan, sumber data, instrumén panalungtikan, sarta léngkah-léngkah panalungtikan.

BAB IV Hasil Panalungtikan, eusina medar ngeunaan analisis struktural jeung semiotik novél *Carita Budak Yatim* karya R. Hanapiah anu dipatalikeun jeung alternatif bahan pangajaran aprésiasi di SMA kelas XII.

BAB V Kacindekan jeung Saran.